

Nim. 205.2

DEKRÈ EGZEKITIF

LIMITASYON KARANTÈN SOU VWAYAJÈ KI AP RIVE NAN VIL NEW YORK

LÈ NOU KONSIDERE, Eta New York te reyisi ralanti transmisyon COVID-19;

LÈ NOU KONSIDERE, Eta New York te pase soti nan pi wo nivo enfeksyon yo pou rive nan youn nan nivo ki pi piti yo nan peyi a epi li se youn nan kèk grenn eta ke yo te rapòte ki sou wout pou kontwole sityasyon COVID-19 la;

LÈ NOU KONSIDERE, Gouvènè a te pran yon apwòch prevantif, gradyèl epi ki baze sou evidans yo pou ka retounen ouvri Eta New York;

LÈ NOU KONSIDERE, lòt eta ki ta pran apwòch ki mwens prevantif yo ap eksperimente yon predominans COVID-19 ki ogmante;

LÈ NOU KONSIDERE, New York dwe travay an kolaborasyon ak eta vwazen li yo, akòz risk konsiderab pou sante ak byennèt tout rezidan yo akòz plis pwopagasyon COVID-19 nan zòn twa eta yo, pou pwoteje pwogrè ki te fèt yo;

KOUNYE A, KIDONK, Mwen, Andrew M. Cuomo, Gouvènè Eta New York la, konfòmeman ak otorite Konstitisyon an ak Lwa Eta New York yo te konfyè mwen, an patikilye Atik IV, seksyon 1, nan dokiman sa a mwen òdone epi pase enstriksyon sa yo:

Komisè Depatman Sante (Department of Health) a pral modifye yon Avi sou vwayaj ki te pibliye an ankò ak Dekrè Egzekitif 205 pou yo kominike toupatou nan tout pòt rantre majè yo nan New York, ki enkli sou tablo afichaj pou mesaj sou otowout yo ak nan tout ayewopò New York yo, avi sa pral deklare ke:

Tout vwayajè k'ap antre nan New York ki soti nan yon eta ki pa yon eta vwazen dwe an karantèn pou yon peryòd 14 jou konfòmeman avèk règleman Depatman Sante yo pou karantèn amwenske:

Pou vwayajè ki vwayaje andeyò New York pou mwens pase 24 èdtan, vwayajè a pa bezwen teste anvan li kite eta a, epi li pa bezwen rete an karantèn lè li rive.

Sepandan, vwayajè sa yo dwe kontinye ranpli fòm vwayajè a lè yo antre; epi anplis yo dwe pran yon tès dyagnostik sou katriyèm jou a apre yo rive nan New York.

Pou nenpòt ki vwayajè ki te vwayaje andeyò New York pou plis pase 24 èdtan, vwayajè sa a dwe chache fè tès anvan li kite eta sa a, nan espas 72 èdtan depa a, anvan yo rive nan New York.

Vwayajè a dwe, lè li rive nan New York, rete an karantèn dapre direktiv Depatman Sante yo pou twa jou o minimòm, ki mezire apati lè li rive a rive sou 4è jou, ka chèche fè yon tès

dyagnostik pou li sòti an karantèn. Vwayajè a ka sòti an karantèn lè li resevwa dezyèm rezilta tèst negatif la.

Komisè a ka pibliye pwotokòl adisyonèl pou travayè esansyèl yo, oswa pou lòt sikonstans ekstrayòdinè yo, lè yon karantèn pa posib, a kondisyon ke mezi sa yo ap kontinye pwoteje sante popilasyon an.

Avi modifiye sa a pral an anvigè a 12:01 a.m. nan dat 4 novanm 2020, jiskaske Komisè a anile li.

Nenpòt vyolasyon òdonans karantèn oswa izòlman an ke yon depatman sante lokal oswa depatman sante eta a te bay yon moun konfòmeman a avi sou vwayaj ke Komisè Depatman Sante a te pibliye, ka ranfòse konfòmeman a atik 21 nan Lwa sou Sante Piblik (public health law) la, epi yo ka konsidere non-konfòmite yo kòm yon vyolasyon konfòmeman a seksyon 12 nan Lwa sou Sante Piblik la ki sijè a yon pèn sivil rive jiska 10,000 dola.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan

Vil Albany nan ventnevyèm jou

mwa oktòb nan ane de mil ven.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a